# Fè yon Plan pou Kenbe Pitit Ou An Sante



## Ankouraje Lòt Moun

Ede lòt moun kite fimen/vape, si yo pare pou sa. Malgre kite se yon chwa pèsonèl, petèt ou kapab ede yo kite depi w ofri sipò ak ankourajman.

## Kijan Timoun Ekspoze ak Lafimen/Vapè Segondè oubyen tyè?

**Timoun ka ekspoze ak lafimen oubyen vapè segondè nan e-sigarèt:**

- Andedan lakay w oubyen machin w
- Nan kote an piblik
- Kay yon gadyen oubyen fanmi
- Nan pak oubyen lakou rekreyasyon
- Bò antre nan makèt ak restoran

**Bebe ak timoun kapab ekspoze ak lafimen/vapè tyè lè:**

- Yo rale ak jwe atè ak sou mèb ki kontamine
- Yo touche, kenbe ak mastike bagay ki kouvri ak rezidi lafimen tyè
- Lè adilt ki gen rad yo, cheve yo ak po yo kontamine ak pwodwi chimik nan lafimen/vapè tyè

## Anpeche Ekspozisyon

- Pa pèmèt moun fimen/vape andedan lakay w ak machin w.
- Kenbe pitit ou lwen zòn kote gen moun k ap fimen/vape.
- Mande vwazen yo rete lib de lafimen/vapè si w viv nan apatman.
- Netwaye sifas timoun vin an kontak avè yo, ki te kapab Ekspoze ak lafimen/vapè.

Developed by McMillen Health